

## *Lèt lanmou Papa-a*

### *Pitit Mwen...*

*Mwen sonde'w, mwen konnen ki moun ou ye. Som 139:1 Mwen konnen lè'w chita ak lè'w kanpe. Som 139:2 Mwen wè'w, et mwen konnen lè w kouche, ni lè wap mache. Som: 139:3 Ata grenn cheve nan tèt ou yo, mwen konte. Matye 10:29-31 Mwen kreye ou nan potre pam. Jenez 1:27 Se nan mwen ou gen lavi. Travay 17:28 Mwen te konnen'w anvan menm mwen te ba ou lavi nan vant manman 'w. Jeremi 1:5 Ou se moun mwen te chwazi depi davans dapre plan mwen. Efezyen 1:11-12 Ou pat yon erè. Som139:15 Tout sa ou ta pral fè te deja ekri nan liv mwen. Som 139:16 Mwen te fikse davans tan, ak limit kote pou ou rete. Travay 17:26 Tout sa mwen fè se bèl bagay. Som 139:14 Se mwen ki te fome'w nan vant manman'w. Som 139:13 Mwen pa gen sans nan je sa ki pa tekonèt mwen yo. Jan 8:41-44 Mwen pat jam rale kom, ni fache, paske'm se vwè examp lanmou-an. 1 Jan 4:16 Se lanmou pa'm ke map ban nou. 1 Jan 3:1 Paske nou se pitit mwen et se mwen menm ki papa nou. 1 Jan 3:1 Map ban nou pi bon bagay ke papa nou ki sou tè sa pa janm ban nou deja. Matye 7:11 Mwen se pi bon papa ki genyen. Matye 5:48 Tout bon konprann soti nan mwen. Jak 3:17 Mwen konnen tout bezwen ou yo. Matye 6:31-33 Se mwen sèl ki konnen sam gen nan tèt mwen pou ou. Jeremi 29:11 Mwen pap janm sispann renmen 'w. Jeremi 31:3 Plan pa'm pou ou pi plis pase grenn sab ki bo lanmè. Som139:17-18 Mwen rejwi lè wap celebre non'm. Sofoni 3:17-18 Mwen pap janm sispann fè sa ki byen. Jeremi 32:40 Nou se pèp ke'm te chwazi-a. Egzod 19:5 Map travay ak tout kè ak tout nanm mwen. Jeremi 33:3 Map fè'w konnen yon bann grow bagay. Jeremi 33:3 Si'w chache'm ak tout kè w wap jwen mwen. Detewonom 4:29 Pran plezi'w nan mwen e map ba ou tout sa ou renmen. Som 37:4 Se mwen ki ba ou anvi. Filipyen 2:13 M'kapab fè pi plis pase tout sa ou ka mande. Efezyen 3:20 Map ba ou espwa. 2 Tesalonisyen 2:16 Map ankouraje ou nan tout lapenn. 2 Korent 1: 3-4 Map deliver tout moun ki pèdi espwa. Som 34:18 Tankou you gado map okipe mouton'm yo. Ezayi 40:11 Map cheche tout dlo nan je'w. Revelasyon 21:4 Map refase tout doulè ou te sibi sou tè sa. Revelasyon 21:4 Mwen renmen'w menm jan mwen renmen pitit mwen an Jezi. Jan 17:23 Nan Jezi mwen montre lanmou'm pou ou. Jan 17:26 Se bon potre pam li ye. Ebre 1:3 Li te vini pou montre ke mwen pou nou, pa kont nou. Women 8:31 E li te fè ou konnen ke'm te vle byen avè'w anko. 2 Korent 5:18 Jezi te mouri pou mwen menm avèk ou ka vin zanmi anko. 2 Korent 5:18-19 Mwen te voye pitit mwen mouri pou'm te ka demontre lanmou'm pou ou. 1 Jan 4:10 Mwen te renonse pwop Pitit mwen pou'm te ka jwen lanmou pa'w. Women 8:32 Moun ki rekonèt pitit mwen an, se mwen menm li rekonèt. 1 Jan 2:23 Anyen pa ka retire lanmou'm pou ou. Women 8:38-39 Gen anpil kontantman nan syèl la lè yon moun ki tap fe sa ki mal tounen vin jwen mwen. Lik 15:7 Mwen te toujou papa'w e map toujou apa'w. Efezyen 3:14-15 Kesyon pam se...Eske ou vle vin pitit mwen? Jan 1:12-13 M'ap tann ou. Lik 15:11-32*

*...Papa'w ki renmen'w nan.  
Bondye ki tou pyisan-an*